



Ku muvyezi canke umurezi:

Turanezerewe ko mwebwe n’umuryango wanyu muri abanywanyi b’imiryango igizwe n’ababanyi baturuka ahantu hatandukanye, aho abantu bavuga indimi zirenga kw’ijana. Amashuri rusangi yo mu ntara ya y’igikomangona William yiyemeje guha umwana wese *inyigisho nziza gose*. Kubera ko gufashanya n’imiryango bikenewe gose muri iki gikorwa, turanejwe no guha umuvyezi canke umurezi wese amakuru kugira ngo bategere kandi baterere ku ndero y’umwana.

Ivyigwa vyose bitangwa mu congereza; mugabo turasigura impapuro nkenerwa gose n’amakuru mu ndimi zose zivugwa muri kano gace.

Abantu bavugaga nyinshi muri izo ndimi barashobora kuronka amakuru mashasha barebye ku murongo wa interineti w’amashuri rusangi yo mu ntara ya y’igikomangona William – pwcs.edu – canke baravye ku murongo ya interineti y’amashuri. Iyo murongo ya interineti yose ifise igikorwa gisigura indimi ca Google, gisigura indimi zishika kuri 50. Gusigura indimi ukoresheje imashini akenshi usanga insiguro atari nziza mugabo murafasha kuronka amakuru ajanye n’ishuri. Hamwe mwoba ata mashini mufise mu rugo, murashobora gukoresha izo mw’isomero rusangi.

Ikindi k’ingirakamaro, igisata kijejwe amashuri kirafise abasigura indimi bafasha abavugaga indimi nyinshi gutahura impapuro zirimo amakuru nkenerwa ajanye n’agateka k’abanyeshuri n’abavyeyi, ivyo bategerezwa gukora, ivyo biyumvira ko vyovamo, n’ibindi bintu bijanye no kwiga harimo inyungu abanyeshuri baronswa. Abasigura indimi barashobora gufasha mu nama z’abavyeyi kugira ngo ivyivumviro vy’umuntu wese bishikirizwe kandi abandi babitegere. Ibi bikorwa bitangwa ku buntu.

Koresha bumwe muri ubu buryo hamwe mwoba mwipfuzwa tugira ico tubafasha.

- Kuri interineti – ja kuri translations.pwcs.edu
- Ngo wewe nyene – usure ishuri ry’umwana wawe. Mugabo umuntu avugaga ururimi rwawe hari aho atoboneka. Mugabo umukozi wese arashobora gukoresha urupapuro rw’itangazo kugira ngo agufashe.

DR. STEVEN L. WALTS
Superintendent of Schools

Muri ivyo vyose uzosabwa kuvuga ibi bikurikira:

- Izina ryawe n'izina ry'umwana wawe;
- Izina ry'ishule ry'umwana wawe, umwaka yigamwo, n'izina ry'
- Umuntu ushaka kuvugana nawe (izina canke akazi akora), n'ico wipfuza ko muganirako; kandi
- Nimero ya telefone n'umwanya mwiza twobahamagarirako.

Hamwe umwana yozana mu rugo ubutunwa buvuye kw'ishule busaba umubonano; canke hamwe mwoba mwipfuza gusaba umubonano n'umwigisha canke undi mukozi w'ishule, koresha uburyo bwashyirahamwe haruguru kugira ngo musabe uwusigura indimi kugira ngo abafashe muri ivyo biganirako vy'ingirakamaro. Tuzobishura n'ingoga.

Gukorana natwe bizofasha mu ndero y'umwana wawe, kandi turipfuza gufasha mu gutuma izi serivisi ziboneka. Turizera ko iri kete risigura neza ingingo y'amashuri rusangi yo mu ntara y'igikomangona William yo gufasha mu ndero y'umwana wawe. Ndizera ko manwe nyene mwipfuza ko umwana wese aronka indero nziza.

Murakoze,



Dogiteri Steven Walts
Umukuru w'amashuri

*Muri ku murongo wa interineti wa pwcs.edu, mufyonde ku kamenyetso k'amakungu kugira ngo muronke amakuru yasiguwe muri ubu butunwa.

